



Kit Fòmasyon sou Sekirite Alimantè nan Endistri Mango a

Abitid Netwaye ak dezenfekte nan Endistri Mango a



Pati 1. Gid Fomatè a

- Entwodiksyon	4
- Piblik	4
- Objektif aprantisaj	4
- Kòman pou sèvi ak : « Kit fòmasyon sou sekirite alimantè sou abitid netwaye ak dezenfekte nan Endistri mango a »	5
- Règleman Konpayi a	6
- Dokiman pou fòmasyon sou sekirite alimantè a	6
- Remèsiman	6

Pati 2. Plan lesyon yo

- Entwodiksyon	8
- Mikwoòganis(Mikwòb)	9
- Kontaminasyon kwaze	10
- Lijyèn	12
- Netwaye	14
- Dezenfekte	16
- Kote ki kole ak manje	18
- Kote ki pa kole ak mango	20
- Kwen ki kale bét	24
- Biofim	26
- Pwogram sanitè	30
- Gran Kalandriye netwayaj. Kisa pou nou netwaye epi dezenfekte?	32
- Pwosedi estanda pou entèvansyon nan zafè lijyèn	34
- Etap pou Netwaye epi Dezenfekte Ekipman	38
1. Preparasyon materyèl	40
2. Ramasaj debri	46
3. Premye netwayaj	48
	50



4. Netwayaj	52
- Pwodwi netwayaj	54
- Kondisyon travay ak pwodwi netwayaj/Espesifikasyon	56
5. Rense	58
6. Dezenfekte	60
- Dezenfektan chimik	62
7. Seche	64
8. Enspeksyon materyèl ak reasanblaj	66
- Kontwòl	68
- Metòd bokit	70
- Demonstrasyon	72
- Dokiman	74
- Verifye	78
- Itilize, mete etikèt, konsève pwodwi chimik	82
- Aktivite: Teste kantite dezenfektan ak yon bandlèt	84
- Netwaye epi dezenfekte materyèl rekòt yo	88
- Veso rekòt yo	90
- Ekipman yo pote mango	92
- Ann Etidye kèk ka	94
- Kisa nou sot aprann? Epi Ki travay m gen poum fè?	96



Entwodiksyon

Kit sou fòmasyon sou abitid pwòpte ak lijyèn pou sekirite alimantè nan Endistri Mango a ofri fòmasyon sou sekirite alimantè ki menm jan an nan avantaj endistri mango a ak konsomatè yo.

Yo kreye pwogram sa a pou bay anplwaye kap travay nan seksyon ki konsène lijyèn yo yon fòmasyon sekirite alimantè sou abitid pwòpte ak dezenfekte nan bitasyon ak nan izin mango yo. Bon jan lijyèn se yonn nan pi gwo bagay ki kapab fè ris kontaminasyon nan endistri mango a vin pi piti.

Piblik

Kit Fòmasyon sekirite alimantè sou abitid pwòpte ak lijyèn nan Endistri mango a te kreye pou sipèvizè ekip sanitè, pèsonèl ki reskonsab kontwòl kalite, ajan estansyon ak/oubyen konsiltan endistri yo ki swete bay fòmasyon sou lijyèn nan bitasyon ak izin mango yo.

Fòmasyon saa se pou travayè ki fè pati ekip sanitè konpayi a.

Objektif Aprantisaj

Lè yo fin swiv pwogram nan, patisipan yo ap kapab:

- Di men ki rapò lijyèn genyen avèk sekirite alimantè pou mango.
- konprann kijan biofim ak kwen ki kale bêt kapab aji sou sekirite ak kalite mango yo.
- konprann enpòtans bon jan abitid pwòpte ak dezenfekte.
- konprann pwogram fòmèl konpayi a sou lijyèn.
- Bay lis etap netwaye ak dezenfekte.
- Konprann pwosedi verifikasyon abitid lijyèn yo.



Kijan pou yo itilize "Kit Fòmasyon sou abitid netwayaj ak lijyèn pou sekirite alimantè nan edistri mango a"

Yo te kreye fòmasyon sa a yon jan pou li kapab chita sou imaj ak lòt materyèl vizyèl ki genyen ladan yo de seri de ti mesaj tou senp ki gen rapò ak lijyèn nan bitasyon ak izin mango yo.

Nan kit fòmasyon sa a genyen de lesion ki bay travayè ki nan ekip sanitè yo konesans ak kapasite yo bezwen pou yo ka swiv pandan yap fè aktivite ki gen rapò ak lijyèn.

Enfòmasyon ki nan kit fòmasyon an ap ede anplwaye yo konprann "Poukisa" gen de abitid travay yo dwe fè atansyon lè yap fè yo pou mango yo gen mwens chans kontamine sou bitasyon an ak nan izin yo. Nap jwenn aktivite fòmasyon tou anndan kit la.

Nan paj kap vini yo, wap jwenn kopi chak paj Powerpoint ansanm avèk yon tèks. Imaj ki sou paj kap vini aprè a montre fòma plan yon lesion.

Paj lesion sa genyen ladann yon paj Powerpoint patisipan yo ap kapab wè. Nan paj ki anfas chaj paj Powerpoint, fòmatè a ap jwenn tèks ki kapab ede l bay eksplikasyon sou dokiman yo.

Gen de enfòmasyon tou, ki parèt anndan krochè, ki la pou ede fòmatè a amelyore eksperians aprantisaj la. Patisipan yo pa bezwen li yo.

Anplis, gen plizyè aktivite ak demonstrasyon nan pwogram nan. Yo anndan paj Powerpoint yo e yo vini avèk eksplikasyon espesyal pou fòmatè a kapab fè yo.

Ou kapab telechaje Bon prezantasyon powerpoint la sou sit sa:
www.mangofoodsafety.org

Fòmatè a pa bezwen konnen tout tèks yo pa kè. Men, pou fòmasyon an bay plis rezulta, nap konseye li gade tèks yo anvan, pou li ka alèz avèk yo, epi pou li ka gentan konprann yo.



Règleman Konpayi a

Anvan w kòmanse fòmasyon an, pran san w pou w gade règleman konpayi a genyen sou sekirite alimantè epi pou w alèz avè yo; lèfini veye pou sa wap aprann patisipan yo matche avèk règleman yo. Tankou, gen kèk konpayi ki gen dwa mande pou itilize tèl dezenfektan sou tèl pyès yon materyèl. Epitou, yo ka ba w kantite fwa pou w netwaye sèten kote oubyen sèten ekipman gen dwa diferan selon izin mango a. Nap konseye fòmatè a tou lè l'ap fè fòmasyon an pou li matche sa yo di nan paj Powerpoint la ak abitid konpayi pa w la.

Dokiman sou fòmasyon sou sekirite alimantè

Si pa gen okenn dokiman ki di ke fòmasyon w lan fèt, kontwolè sekirite alimantè a ap fè komsi li pat janm fèt. Pou bay prèv ki montre ekip sanitè a resevwa fòmasyon sou sekirite alimantè a vre, fòmatè a dwe kreye yon fèy prezans tou senp ki gen dat la ak pwen yo te devlope a epi siyati patisipan yo.

Chak patisipan dwe siyen fèy sa ki ta dwe klase ansanm avèk lòt dokiman kontwòl ki nesesè yo. Nap jwenn egzanp rejis fòmasyon an sou sit sa: www.mangofoodsafety.org

Remèsiman

Men moun ki te prepare Kit Fòmasyon pou sekirite alimantè sou abitid netwayaj ak lijyèn nan Endistri mango a:

Doktè Sergio Nieto-Montenegro, José Luis Almanza Rubio, Edwin Torres Carrillo ak Luisa Ortega, Food Safety Consulting & Training Solutions, LLC. www.foodsafetycts.com

Yon remèsiman espesyal pou konpayi ak òganizasyon sa yo paske yo pèmèt nou pran foto izin yo epi ba nou kout men nan korije tèks yo:

AgrícolaLuque S.A. de C.V., Amazon Produce Network, LLC, APEM, EMEX A.C., Frutas y Legumbres de la Costa Sur de Jalisco, S.A. de C.V., Naturafrut Bautista, S.P.R. de R.L. de C.V., Productos Agrícolas Amex, S. de R.L. de C.V., PROMANGO,Rodeva, S.P.R. de R.L. epi Sociedad de Productores Agropecuarios del Valle de Tomatlán, S.P.R. de R.L., Agroproducto Diazteca S.A de C.V., Arivania (Lic. Enrique Sánchez Ramírez), Casas Grandes Produce SA de C.V., FrutícolaGambino (Ing.Martin Castro Melendres)



Héctor Reyes ki reprezante EMEX, A.C., Wendy Alvarado, ki reprezante Durexporta, Johana Ramírez, ki reprezante APEM, ak Reyde Del Rosario, ki reprezante PROMANGO te patisipe nan dènye koreksyon ak aprobasyon pwogram nan.

Dwa dotè © 2015 pou National Mango Board ak Food Safety Consulting & Training Solutions, LLC.

Tout dwa rezève. Nou pa bay moun dwa pou kopye oubyen fè dokiman sa sikile san pèmisyon.

National Mango Board, 3101 Maguire Blvd. Ste. 111 Orlando, FL 32803



Food Safety Consulting & Training Solutions LLC, 2300 George Dieter Drive, El Paso, TX 79936



Tout sitiyasyon anòmal ki sou foto ki nan pwogram nan se montaj yo ye

Egzonerasyon

National Mango Board (NMB), yon seksyon Depatman Agrikilti Etazini fòmasyon sa pou sipòte Endistri Mango a. Yo fè tout sak posib pou enfòmasyon ki nan dokiman sa di laverite epi gen presizyon. Men, NMB ak Food Safety & Training Solutions, LLC pa bay okenn garanti fòmèl sou lide ak mesaj ki anndan dokiman sa. Li pa reskonsab non plis erè ki ta va fèt oswa enfòmasyon yo blyie bay nan dokiman sa a. Kidonk, li pap pran okenn reskonsablite legal pou okenn pèt oswa domaj ki ta va soti nan jan yo sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman sa a.



Kit Fòmasyon sou abitid netwayaj ak lijyèn pou sekirite alimantè nan endistri mango a





Entwodiksyon

Mèsi deske wap patisipe nan fòmasyon sou pwòpte ak lijyèn sa a. Nou kontan ansanm avèk ou, silvouplè leve men w si'w gen kesyon pandan prezantasyon an. Tout kesyon bienvini, yo kapab pèmèt nou wè si tout moun byen konprann sijè a.

Nap kòmanse pa poze ou yon kesyon:

Poukisa abitid pwòpte ak lijyèn enpòtan nan yon bitasyon oubyen yon izin mango.

[kite patisipan Yo reponn.]



Bon jan lijyèn pèmèt chans pou manje kontamine ak ti mikwòb tou zwit ki ka lakòz yo gate oubyen fè moun malad, vin pi piti.

Kòm manb ekip sanitè a, ou jwe yon wòl enpòtan nan bay kliyan yo bon kalite pwodwi.

Fòmasyon sa ap ede w konprann abitid jeneral pwòpte ak lijyèn nan endistri mango a epi lap fè w konprann poukisa pwosedi sa yo nesesè.



Mikwoòganis yo





Mikwoòganis oubyen mikwòb se de seri de ti òganis vivan ki sitèlman piti, se sèlman ak mikwoskòp yo ka wè yo. Pou nou mete sa nou sot di a nan yon kontèks, si mikwoòganis yo te mezire 1 santimèt, alòs yon moun nòmal tap mezire 1 700 000 santimèt.

Gen mikwoòganis tout kote: nan lè, dlo, tè, sou po moun epi menm nan manje. Pi fò nan mikwoòganis sa yo pap fè nou anyen men gen plizyè nan yo ki ka fè nou malad si yo la.

Men kèk egzanp ajan patojèn ou jwenn lakay moun:

- *E. coli O157:H7*
- *Salmonèl.*
- *Listeria monositojèn.*

Mikwoòganis yo

Nòt:



Kontaminasyon Kwaze





Kontaminasyon Kwaze a se lè yon sibstans danjere oubyen mikwòb soti sou son bagay SAL epi vin sou yon bagay PWÒP. Nan ka mango yo, yo ka kontamine si yo sèvi ak ekipman sal oubyen si anplwaye yo pa gen bon abitid liiyèn. Bon abitid liiyèn kapab pèmèt chans pou kontaminasyon kwaze ki fèt ak mikwòb ki bay maladi yo, vin pi piti.

Nan bitasyon oubyen izin mango yo, toujou gen chans pou kontaminasyon kwaze fèt. Sa ka rive lè mango yo kole ak yon kote ki sal nan ekipman yo, vesò sal oubyen lòt bagay. Kontaminasyon kwaze ki fèt a pati ekipman yo gen dwa ede nan bay moun maladi moun pran nan manje.

Veye pou nou wè kisa ki ka lakòz kontaminasyon kwaze a fèt epi travay pou sa pa rive. Tapi woulan, woulo, tab travay ak nenpòt lòt ekipman oubyen vesò yo sèvi pou met mango nan bwat dwe pase sou sipèvizon chak jou anvan travay la kòmanse epi de tanzantan pandan jounen travay la. (pa egzanp pandan poz la).

Kontaminasyon Kwaze

Nòt:





Lijyèn nan se respekte ou byen mete règ pou pwòpte ak lijyèn. Nan pwodiksyon mango, pwogram lijyèn sa yo nesesè pou elimine mikwoòganis ki kapab lakòz manje yo gate oubyen fè moun malad.

Pwogram lijyèn nan genyen plizyè etap ladann. Pwòpte ak dezenfekte se de bagay diferan ki gen de objektif diferan. Li enpòtan pou nou fè diferans lan: nan yon pwosesis, si nou jwenn rezulta pou yonn san nou pa jwenn rezulta pou lòt yo, li pap mache.

Lijyèn

Nòt:





Netwaye ak dezenfekte se pa sèlman kenbe bagay yo pwòp: se de aktivite enpòtan nan izin mango a.

Netwayaj se wete pousyè, tè ak debri tankou fèy ak tij. An jeneral, tout tè ki parèt epi ki pa parèt yo, yo retire yo sou bò ki gen kontak ak manje epi ki pa gen kontak ak manje. Tè a bay nitriman pou mikwoòganis yo gwosi. Li ka soti nan manje a oubyen nan jaden an (tè, pousyè, grès, danje ki gen rapò ak zannimo eksetera.)

Souvan, pwosesis netwayaj la mande aksyon fisik (tankou foubi-grès koud) pou nou sèten kote a byen pwòp. Pandan etap sa a, yo vide yon netwayan espesyal (oubyen detèjan) pou yo itilize li jan fabrikan an di pou yo itilize l la sou etikèt la. Yo gen dwa di men ki mòd detèjan li ye, kisa ki ladann, konbyen tan pou l fè epi tanperati l. Detèjan an pèmèt retire kras lè li kontre avèk tè.

Apre netwayaj la, pa gen okenn kras mango ki dwe rete sou okenn nan ekipman oswa vesò yo. Netwayaj la pèmèt yo retire tè pou yo kapab dezenfekte.

Netwaye

Nòt:



Dezenfekte





Lè nap dezenfekte se trete nap trete yon kote ki pwòp ak yon dezenfektan chimik yon jan pou kapab rete yon kantite mikwòb ki mwens e ki pap danjere.

Toujou sonje "ou pa kapab dezenfekte yon kote ki sal."

Fò ekipman yo netwaye anvan pou yo dezenfekte yo kòm sa dwa. Tout kote dwe byen netwaye, tout detèjan dwe fin rense anvan yo kòmanse dezenfekte. Ou pa kapab dezenfekte yon kote ki sal: salte ak debri yo ap anpeche dezenfektan an fè travay li.


Lè wap dezenfekte, toujou fè sa ak yon dezenfektan alimantè epi toujou sèvi ak kantite yo mande a nan règleman ak pwosedi konpayi ou an. Pou yo wè si ou an règ avèk sa konpayi ou a mande a, teste kantite dezenfektan wap itilize a avèk yon bandlèt. Yo fèt pou yo itilize yo ak yon mòd dezenfektan an patikilye. Ou kapab fè tès ak bandlèt la avèk dezenfektan chimik ki fèt pou li a sèlman. Pa egzanp yon tès ak bandlèt pou asid parasetik pa kapab pèmèt ou teste kantite klorox.

Dezenfekte

Nòt:



Kote ki kole ak manje





Kote ki kole ak manje se kote ki touche mango yo dirèkteman.

Men kèk egzanp: tapi woulan, bwòs, tab, tab yo travay, asansè, elevatè ak pouswa pou mango, bwat ak kès an plastik. Plis pase lòt kote yo, kote ki kole ak mango yo plis kapab lakòz kontaminasyon kwaze a fèt. Fè atansyon lè wap netwaye epi dezenfekte kote sa yo.

Kote ki kole ak manje

Nòt:



Kote ki kole ak manje





Pwochen paj Powerpoint la ap montre egzanp kote ki kole ak mango ke ou kapab jwenn nan yon izin mango.

Kote ki kole ak manje

Nòt:



Kote ki pa kole ak mango





Kote ki pa kole ak manje yo tankou kò machin yo ki bay sou deyò, kad ak estrikti, pasrèl, mi, plafon, dren etsetera se pati ki sou deyò e ki pa gen ankenn kontak ak mango yo. Menm si kote sa yo pa dwe kontre ak manje, yo kapab lakòz kontaminasyon fèt kan menm.

Nou dwe pran konsyans de kote sa yo epi netwaye ak dezenfekte yo chak jou kòm sa dwa.

Li enpòtan pou nou netwaye kote ki pa dwe kole ak manje yo "nan ekipman yo" pou debri, pousyè ak kras pa chita sou yo. Lè matyè sa yo fè pil yo kapab kreye yon anviwònman ki pèmèt mikwoòganis yo fòme.


Paj Powerpoint yo montre kèk egzanp kote ki pa kole ak manje ke yo ka jwenn nan izin mango yo.

Kote ki pa kole ak mango

Nòt:



Kwen ki kale bèt





Men yon lòt sitiyasyon nou dwe veye lè nap netwaye epi dezenfekte: Se kwen ki kale bêt yo ansanm avèk ekipman ki nan izin mango yo.

Yon kwen ki kale bêt se yon kote ki difisil anpil pou netwaye epi dezenfekte vreman vre. Pousyè, pwodwi ak lòt fòm materyèl òganik ka fè pil nan kote sa yo epi bay nitriman ak dlo pou kale mikwòb, epi kreye yon anviwònman ideyal pou mikwòb yo gwosi.

Kwen sa yo kapab danjere lè nou gade kèk faktè tankou tan ak tanperati ki kapab fè plis bêt. Kwen sa yo mande anpil swen, sitou pandan yap netwaye epi dezenfekte, pa fè travay la voup vap epi toujou pran san w pou w pwòpte ti kwen ki pi difisil pou netwaye nan ekipman yo.

Ekipman ki nan izin mango yo gen plizyè ti kote ki kapab tounen refij pou mikwòb.

Pami ti kwen sa yo genyen:

- Rebò ak kouvèti ki bay pwoteksyon.
- Woulo.
- Tapi woulan.
- Kouti/kwen ki nan ekipman.
- Reparasyon tanporè.
- Soudi.

Kwen ki kale bêt

Nòt:



Kwen ki kale bèt





Espas ki nan mitan ti pati ki gen kousen sou tab travay yo merite yon atansyon espesyal. Dlo yo sèvi avèl la pou lave l la, manje ak pousyè kapab fè pil nan ti twou sa yo epi lakòz kontaminasyon. Gen kèk konpayi ki kouvri ti kwen sa yo ak plastik, gen de lòt ki demonte tab yo pou netwaye yo. Travay ou se toujou swiv règleman konpayi wap travay pou li a.

Paj Powerpoint yo montre tout ti kwen ki ka kale mikwòb nan diferan kote nan ekipman yo ak izin yo. Ann gade chak paj Powerpoint pou nou chèche kote ki ka kale bêt.

Kwen ki kale bêt

Nòt:





Las biopelículas son la acumulación de microorganismos inmovilizados en una superficie y frecuentemente integrados en una estructura de origen bacteriano. Esta sustancia protege a los microorganismos de los diferentes agentes externos del medio ambiente en el que están, y también proporciona puntos de anclaje a otros microorganismos y colonias para unirse entre ellos a la superficie.

Las biopelículas se forman en superficies que no fueron limpiadas y desinfectadas de manera correcta.

Un excelente ejemplo de una biopelícula es la capa o placa que se forma en sus dientes. Si se cepilla los dientes de noche, por la mañana las bacterias habrán formado una película en la superficie de sus dientes. Esta película no se ve pero si se siente. Incluso después de cepillados, las bacterias se quedan en el ambiente cálido y húmedo de su boca.

Este mismo tipo de películas puede formarse en las superficies dentro del equipo de la empacadora y llegar a contaminar el producto. Los poros de los equipos, las superficies húmedas y de acceso difícil en la maquinaria son el ambiente perfecto para el crecimiento de los microorganismos. Conforme las colonias de microorganismos crecen, se produce más de dicha biopelícula para protegerlas de los químicos usados en la limpieza y desinfección.

Las biopelículas son un área de preocupación al limpiar y desinfectar el equipo dentro de la empacadora. Si no se limpian correctamente, el agua y los desechos de los mangos pueden convertirse en una fuente de nutrición para los microorganismos en ese medio, contribuyendo así a su crecimiento.

Debido a esto, la limpieza y desinfección regular son la mejor manera de combatir la formación de biopelículas y prevenir la contaminación de los mangos. Talle bien las superficies de contacto con los alimentos en los equipos, teniendo un cuidado especial con los sitios de refugio para evitar su aparición.

Biofim

Nòt:



Gran
kalandriye
netwayaj

Pwosedi estanda pou entèvansyon nan zafè lijyèn (SSOP)

Kontwòl netwayaj ak aktivite pou dezenfekte

Aktivite verifikasyon

Aksyon korektif

Dokiman



Yon izin mango tankou sila a gen yon pwogram sanitè ki an plas. Yon bon jan pwogram sanitè pa chita sèlman sou netwaye ak dezenfekte materyèl ak espas. Li genyen ladann tou tout pwosedi sanitè ke yo dwe mennen nan yon izin mango.

Yon pwogram sanitè ap pèmèt yon izin veye si batiman yo, ekipman yo, enstalasyon yo ak lòt materyèl fisik ki nan izin nan byen konsève nan kondisyon lijyèn pou anpeche mango yo kontamine.

Pwogram sanitè nan laplipa izin mango yo genyen ladann, san li pa limite a yo, eleman sa yo:

- Gran kalandriye netwayaj.
- Pwosedi estanda pou entèvansyon nan zafè lijyèn (SSOP).
- Kontwòl netwayaj ak aktivite pou dezenfekte.
- Aktivite verifikasyon (kontwòl anviwònmental ak/oubyen bioliminesans/Tès ATP).
- Dokiman.
- Fòmasyon.

Pwogram sanitè

Nòt:



Gran Kalandriye Netwayaj. Kisa ki bezwen netwaye epi dezenfekte?





Gen de kote nan izin mango yo ki merite yon atansyon espesyal lè yap netwaye ak dezenfekte yo tankou ekipman yo pote mango yo epi kote ki kole ak manje yo.

Kote ki kole ak manje yo dwe pwòpte epi dezenfekte pou pi piti chak jou ou pi souvan si gen bezwen.

Kote ki pa kole ak manje yo dwe pwòpte tout tan pou yo kapab respekte kondisyon lijyèn yo.

Kò materyèl yo mande pou yo netwaye byen pwòp tou.


Eleman ki nan dizay, konstriksyon ak materyèl ekipman yo itilize nan izin nan avèk sak konpoze li yo dwe byen detaye nan pwosedi sanitè yo.

Gran Kalandriye Netwayaj. Kisa ki bezwen netwaye epi dezenfekte?

Nòt:



Gran Kalandriye Netwayaj. Kisa ki bezwen netwaye epi dezenfekte?





Paj Powerpoint sou ekran an montre kèk egzanp pati yo yo dwe fè atansyon a yo lè yap netwaye epi dezenfekte ekipman:

- Tab anbalaj.
- Tapi woulan
- Woulo.
- Sistèm idwolik tankou asansè, tiyo, pwopilsè (motè) oubyen piston.
- Pwalon fon.
- Tank dlo.
- Prensipal sous dlo.
- Estrikti ekipman.

[Mande patisipan yo pou yo bay kèk egzanp kote ki kole ak manje ak kote ki pa kole ak manje nan yon izin mango.]

Toujou swiv règ konpayi ou a epi pa sote etap nan pwosedi yo.

[Montre patisipan yo, sou yon fèy papye, Gran Kalandriye sanitè konpayi a pou yo ka konprann ke tout bon vre genyen yon kalandriye ki di kilè pou yo netwaye izin nan.]

Gran Kalandriye Netwayaj. Kisa ki bezwen netwaye epi dezenfekte?

Nòt:





Gen de pwosedi espesifik oswa etap ki di kijan pou w netwaye epi dezenfekte chak kote ak ekipman nan yon izin mango.

Jan li ye a nan pwogram lijyèn konpayi a, izin mango yo dwe devlope, pratike epi kenbe Pwosedi estanda pou entèvansyon nan zafè lijyèn (an anglè ssop).

Pwosedi estanda pou entèvansyon nan zafè lijyèn nan se de dokiman ekri administratè kap fè kontwòl kalite yo vini avèk yo. Yo eksplike an detay pwosedi ki bay kouman chak materyèl ak chak kote dwe netwaye epi dezenfekte pou evite kontaminasyon:

- Non ekipman nou konn tande ak kote ki merite atansyon espesyal yo dwe netwaye.
- Zouti yo bezwen pou fè travay la.
- Si sa posib, etap pou demonte kote a oubyen ekipman an.
- Metòd pou netwaye epi dezenfekte.
- Kantite pwodwi chimik yo bezwen pou netwaye oubyen dezenfekte.

Pa boule etap lè wap netwaye. Se dyob ou pou w toujou swiv bon pwosedi yo pou chak pyès materyèl yo epi pou kote wap netwaye ak dezenfekte a.

Mennen Pwosedi estanda pou entèvansyon nan zafè lijyèn yo san nou pa vire oubyen chanje anyen pou nou kapab jwenn rezulta nou bezwen an. Yo bay an detay etap pou nou swiv pou nou netwaye e dezenfekte ekipman, ak vesò yo, pou yo pa kontamine.

Pwosedi estanda pou entèvansyon nan zafè lijyèn (SSOP)

Nòt:



Etap pou Netwaye epi Dezenfekte Ekipman





Nou wè plizyè konsèp ki gen pou wè ak netwaye ak dezenfekte men ann aprann premye etap kap pèmèt ou fè travay netwaye ak dezenfekte a.

Sonje netwaye se retire tout kras tè ak pousyè moun ka wè yon kote. Ou dwe netwaye yon espas anvan ou dezenfekte li.

Pandan pwosesis dezenfeksyon an, yap trete yon kote ki byen NETWAYE ak dezenfektan pou maladi moun pran nan mikwòb yo vin mwens.

Eske w ka eksplike ki etap ou itilize pou w netwaye epi dezenfekte kòm sa dwa yon kote ki kontre ak manje?

[Kite patisipan yo reponn epi fè yon ti diskisyon tout kout sou kesyon an.]

Etap pou Netwaye epi Dezenfekte Ekipman

Nòt:



Etap pou Netwaye epi Dezenfekte Ekipman



1



2



3



4



An nou repase etap pou netwaye ak dezenfekte a an detay.

Chak pyès ekipman oubyen vesò gen jan pa li pou yo netwaye li epi dezenfekte li. Men, gen yon seri de aktivite pou w fè pou w netwaye epi dezenfekte ekipman.

An jeneral, pwosedi sanitè yo mete pou netwaye ak dezenfekte a genyen ladann 8 etap:

1. Prepare espas la ak materyèl yo.
2. Wete debri.
3. Fè yon premye rense oubyen premye netwaye.
4. Netwaye.

Etap pou Netwaye epi Dezenfekte Ekipman

Nòt:



Etap pou Netwaye epi Dezenfekte Ekipman



5



6



7



8



5. Rense.
6. Dezenfekte.
7. Seche.
8. Reasanble epi enpeskte ekipman.

Ann repase yo chak an detay.

Etap pou Netwaye epi Dezenfekte Ekipman

Nòt:



1. Prepare espas la ak materyèl yo





Premye etap la se preparasyon ekipman ak divès kote nan izin nan anvan ou netwaye epi dezenfekte.

Nan etap sa a, yo demonte ekipman an epi yo mete mòso yo nan kote ki fèt pou sa, bwat, payas, egoutwa anvan netwayaj la.

Pa mete pyès yo atè a pou w netwaye yo.

Gen de pati nan ekipman an tankou tablo elektrik, motè epi rakò ki kapab bezwen pou yo kouvri yo ak plastik pou yo pa pran dlo.

Anvan w kòmanse netwaye yon kote, li trè enpòtan pou w retire tout mango yo nan kote sa a. Li enpòtan tou pou w kouvri osinon retire tout materyèl yo itilize pou anbwate mango yo nan zòn sa tou.

1. Prepare espas la ak materyèl yo

Nòt:



2. Wete debri





Dezyèm etap la se wete debri.

Nan etap sa a, yo dwe wete tout debri pwodwi yo. Nan etap sa a ou jwenn tout aktivite tankou bale, grate, pelte, pase aspiratè etsetera.

Yo dwe voye mango ak fatra ki atè a jete.

Fò w sèten ou pa bouche okenn dren nan zòn nan ak debri mango ak fatra. Ma dlo kapab lakòz kontaminasyon fèt.

2. Wete debri

Nòt:



3. Premye rense oubyen Premye netwaye





Nan twazyèm etap la, yo dwe rense pyès ekipman yo ak dlo pou retire rès debri.

Retire tout tè moun ka wè epi pa blyie rense ti kwen tankou soudi ak kwen.

Fè atansyon pou w pa voye dlo tout kote si se yon tiyo a presyon wap sèvi avè l. Fò w rense soti depi anwo rive anba.

Rense pati yo demonte yo epi retire moso mango ak lòt debri.

3. Premye rense oubyen Premye netwaye

Nòt:



4. Netwaye





Katriyèm etap la se netwaye. Netwaye se plis retire matyè òganik sou bò kap kontre ak manje yo pou yo ka dezenfekte yo. Se nan netwayaj la yo retire tout tè, kote ki pa kontre ak manje yo, pou mikwòb ou jwenn lakay moun pa kale, epi pou pa atire ti bét ak bét tankou rat ak sourit.

An gwo, netwaye se wete tout tè ak pousyè yon kote.

Nan etap sa, gen yon mòd dezenfektan espesyal yo vide sou pyès ekipman yo e yo netwaye yo jan fabrikan an mande pou fèl la (wap ka wè ki mòd detèjan li ye, ki kantite pou w vide, tanperati etsetera). Si gen bezwen, fè aksyon fizik: foubi ekipman an ak tout pyès li yo pou retire tè ak pousyè. Nap di w ankò, pa blyie netwaye ti kwen ki ka kale bét yo. Bon jan aksyon fizik se premye bagay ki ka pèmèt netwayaj la fèt kòm sa dwa.

Sonje, ou pa ka dezenfekte yo kote ki sal. Fòk li netwaye anvan li dezenfekte! Tè ak pousyè ap anpeche dezenfektan an fè travay li-ki se touye tout mikwoòganis.

Se dyob ou pou w TOUJOU swiz etap yo ba ou yo. Si ou pa fin twò konnen sa pou w fè, mande sipèviziè w la.

4. Netwaye

Nòt:





Gen plizyè mòd pwodwi netwayaj ki disponib. Yo chak se pou yon mòd tè:

Pa gen yon detèjan ki bon pou tout mòd tè.

Se pou sa, selon jan tè a fèt kote w ye a, ou gen dwa itilize yon mòd detèjan. Sipèviziè w ap di w ak kiyès nan detèjan yo pou w sèvi.

Fabrikan yo vini avèk detèjan pou netwayaj ki mache pi byen ak sèten mòd tè epitou ke yo dwe itilize nan sèten kondisyon tankou pH, dlo, tanperati etsetera. Genyen kat gwoup pwodwi netwayaj:

1. Detèjan.
2. Degresè.
3. Detèjan asid.
4. Detèjan abrazif.

Yo pa dwe melanje detèjan yo nenpòt kijan, si yo fè sa, sa kapab lakòz yon moun viktim paske chak detèjan gen jan li pou yo sèvi avè li.

TOUJOU swiv règleman konpayi a ak mòd lizaj ki sou etikèt la pandan wap sèvi ak detèjan yo. Si w pa fin twò konnen sa pou w fè, mande sipèviziè w.

Pwodwi netwayaj

Nòt:



Kondisyon Travay pou moun kap Netwaye yo





Kantite: Gen yon kantite detèjan pou w vide pou detèjan sa mache. Eleman sa yo, nòm alman, yo lage yo nan dlo yo oubyen yo prepare yo a la men oubyen automatikman nan izin mango a. Se travay ou pou ou TOUJOU mete kantite yo mande a epi sèvi avèk mòd detèjan ki fèt menm pou travay ou pwal fè a.

Sonje: Menm si w vide anpil detèjan, sa pa vle di travay la ap pi byen fèt paske genyen kras ki kapab rete sou kote ki pwal kole ak manje yo epi yo ka lakòz kontaminasyon fèt.

Tan kontak la se kantite tan ou dwe kite detèjan an poze sou kote ou pwal netwaye a.

Pa sote etap pwosedi netwayaj la. Detèjan ak kim bezwen yon tan pou yo aji byen. Se pou tèt sa, si pwosedi a di 15 minit, ou dwe kite detèjan an sou materyèl la pandan 15 minit la, se pa ni 5 ni 10 minit. TOUJOU swiv sak ekri sou etikèt la.

Tanperati detèjan an dwe kòrèk pou li aji byen. Si detèjan an mande pou yo sèvi avèl ak dlo ki gen tanperati sal la, se pou yo itilize li nan tanperati sal la.

Kondisyon Travay pou moun kap Netwaye yo

Nòt:



5. Rense





Etap 5 pwosesis la, se rense kote w sot netwaye a. Rense pyès ekipman an ak dlo potab. Retire tout kras detèjan ak tout kras tè moun kapab wè oubyen debri ki ta ka rete.

Lè w fini, pase enspeksyon pou w wè si pa gen ankenn kras ki rete. Si w jwenn kras sou ekipman an, fò w netwaye li ankò.

Rense a enpòtan paske li pèmèt evite kras ki ta ka fonn oubyen fè detèjan an pa mache.

5. Rense

Nòt:



6. Dezenfekte





Nan etap nimewo 6 la, yo dezenfekte ekipman yo ak kote ki an kontak ak manje yo lè yo fin netwaye yo.

Nan pwosesis dezenfekte a, yo trete yon kote ki pwòp ak yon dezenfektan ki pwal fè kantite mikwòb yo vin pi piti epi mwens danjere men fò yo swiv tan yo mande pou dezenfektan an fè a epi fò yo vide kantite yo mande pou fè travay la.

Yo itilize chalè oubyen yon dezenfektan chimik yo bay dwa itilize pou yo kapab dezenfekte ekipman yo. Yo fè dezenfeksyon chimik lè yo mete yon dezenfektan an sou divès kote nan ekipman an.

Nan pwosedi sa, yo kapab foure pyès ekipman an oubyen vesò a nan yon kantike dezenfektan likid oubyen aplike osinon flite dezenfektan likid la sou kote a.

Sonje! Ou pa kapab dezenfekte yon kote ki sal. Fòk li byen netwaye epi fòk yo retire detèjan yo anvan yo dezenfekte kote sa a.

Nenpòt ti kras tè ak pousyè kapab anpeche dezenfektan an fè travay li ki se detwi mikwòb.

Veye pou w wè si w mete dezenfektan sou tout pati ki nan ekipman an. Ni kote ki kole ak manje, ni kote ki pa kole ak manje.

6. Dezenfekte

Nòt:



Dezenfektan chimik





Men 4 premye mòd dezenfektan yo: klorin, iodofò, asid perasetik epi konpoze amonyòm katènè. Menm jan ak pwodwi netwayan, fabrikan yo fè dezenfektan yo pou yo sèvi avè yo nan kèk kondisyon. Menm si anplwaye a pa reskonsab chwazi dezenfektan an, li reskonsab pou li sèvi avèl li kòm sa dwa. Gen 3 faktè yo dwe konsidere lè yap itilize yon dezenfektan:

Kantite. Gen yon kantite dezenfektan pou yo itilize pou li kapab fonksyone byen. Vide plis pa vle di travay la ap pi byen fèt. Veye pou wè si w respekte pwosedi konpayi a ak mòd lizaj fabrikan an. Sèvi ak yon kit pou teste oubyen yon lòt aparèy ki fèt pou sa pou veye kantite dezenfektan likid la. Pou fini, pa melanje yo nenpòt kòman, sa kapab yon danje.

Tanperati. Tanperati dezenfektan likid la pa gen okenn rapò ak jan dezenfektan an mache. Toujou swiv sa fabrikan an mande a.

Tan kontak. Pa boule etap lè w ap dezenfekte. Dezenfektan an dwe rete sou kote yap dezenfekte a pandan yon tan ki ase pou pèmèt mikwoòganis yo kòkòy.

Chanje dezenfektan yo se yon bon bagay ki ka pèmèt yo mache pi byen. Si se yon sèl dezenfektan ou itilize, mikwòb yo ka pran fòs epi bay plis pwoblèm pou w detwi yo. Ou reskonsab pou ou TOUJOU swiv sa Konpayi a mande a.

[Nan pati sa a, fòmatè a dwe wè detèjan ak dezenfektan yo ak kantite yo itilize a nan izin nan. Li ta bon pou fòmatè a montre patisipan yo pwodwi yo.]

Dezenfektan chimik

Nòt:



7. Seche





Seche a se avan dènyè etap nan pwosedi netwaye ak dezenfekte a. Selon kantite ou vide a ak mòd dezenfektan ou itilize a, gen de ekipman ki bezwen yo kite yo seche.

Gen de dezenfektan ki mande pou yo rense ekipman an lè yo fin lave I ak dezenfete I. Rense sa dwe fèt ak dlo potab.

Yo dwe pèmèt materyèl yo drene epi seche anvan yo tounen itilize yo.

Yo pa gen dwa siye yon ekipman ak twal pou mikwoòganis pa soti sou twal la epi vin sou ekipman an.

7. Seche

Nòt:



8. Enspeksyon epi Reasanblaj Ekipman





Nan dènye etap la, yo enspekte epi reasanble ekipman an.

Bat pou w pa manyen kote ki ka touche ak manje yo lè wap ranje ekipman an.

Gen de kote yo dezenfekte ekipman yon lòt fwa ankò avèk yon dezenfektan yo bay dwa itilize epi yo rense li ak dlo potab, si gen bezwen.

Fè atansyon pou dlo dren, pousyè ak lòt bagay ki ka lakòz kontaminasyon pa jwenn ak ekipman an.

Izin mango yo gade yon dènye fwa pou wè si materyèl yo ak espas travay yo byen pwòp, si pa rete okenn debri moun ka wè e ki kapab pwazonnen manje yo. Dènye kontwòl sa a se pou verifye pwosesis liiyèn nan pou wè si tout pwosedi yo fèt kòm sa dwa.

Pandan enspeksyon an, yo itilize yon lis ki bay detay sou tout kote nan izin nan, ak tout pyès ekipman yo, pou yo pa blyie anyen. Nan izin nan, gen yon moun ki reskonsab enspeksyon sa a e si gen bezwen, moun sa a kapab bay lòd pou lave yon kote oubyen yon ekipman yon lòt fwa ankò.

Izin nan dwe klase tout dokiman ki gen pou wè ak enspeksyon ki di pwosedi sanitè a te fèt nan yon entèval kòrèk e se bon pwosedi yo itilize.

8. Enspeksyon epi Reasanblaj Ekipman

Nòt:





Kontwòl la se yon lòt etap ankò nan pwogram sanitè a: Se yon seri de obsèvasyon yo planifye oubyen yon seri de mwayen pou evalye epi wè si pwogram nan ap byen pase.

Se dirijan ekip sanitè a ki plase pou fè kontwòl la oubyen sipèvizè a. Moun nan oubyen moun yo ki la pou siveye ekip netwayaj la dwe pase yon tan nan izin nan pou yo sipèvize travay ekip la ap fè a.

Kontwole kote ki kontre ak manje, fè atansyon ak kote nan aparèy yo ki difisil pou netwaye yo epi veye pou ti kwen ki kale bët yo byen pwòpte epi byen dezenfekte.

Tout espas ki kontre ak manje yo dwe byen kontwole. Se pou tèt sa fò yo toujou respekte kantite dezenfektan yo mande nan Pwosedi estanda pou entèvansyon nan zafè liiyèn nan.

Kontwòl

Nòt:



Metòd Bokit la





Nan izin nan, genyen ekipman tankou detektè metal, anbalaj, tapi woulan, aparèy ekleraj, bwat elektrik ke yo pa ka netwaye ni dezenfekte ak tiyo oubyen lavaj a presyon paske twòp dlo ka gate yo.

Yo ka toujou netwaye, epi dezenfekte pyès ekipman sa yo ak "metòd bokit la".

Pran san w lè wap fè travay sa. Plen bokit la dlo ak bon kantite detèjan an.

Pase yon sèvyèt mouye oswa yon eponj pwòp sou tout pyès la. Kite detèjan an fè tan yo mande nan pwosedi a. Si gen bezwen, bwose/foubi kote a ak yon sèvyèt mouye.

Itilize yon eponj oubyen yon sèvyèt mouye, ki fèt pou sa, pou w byen rense pyès yo ak dlo.

Plen yon lòt bokit oubyen boutèy pou flite ak bon kantite dezenfektan epi siye tout kò ekipman an ak dezenfektan. Lè w fini, pa rense l, kite l seche.

Si w sèvi ak dezenfektan ki fèt sou fòm ti sèvyèt yo kapab jete lè yo fin itilize, fè sa jan fabrikan an mande l la sou etikèt la.

Pa blyie DEPLOGE tout plog elektrik epi veye pou OKENN dlo pa randre nan panno, konpozan elektrik ak sond.

Si gen nesesite, kouvri yo ak plastik, menm si sa pran w plis tan.

Metòd Bokit la

Nòt:



Demonstrasyon





Mennen patisipan yo nan yon estasyon travay pou yon demonstrasyon.

Ki pwosedi konpayi an genyen pou kesyon netwaye ak dezenfekte?

Kiyès nan nou ki sonje 8 etap pou netwaye ak dezenfekte ekipman yo?

[Kite patisipan yo reponn]

An nou montre ki pi bon fason nou ka netwaye pyès yon materyèl nan izin nan.

Dirije demonstrayon an. Chwazi pyès yon aparèy ki pou netwaye epi rasanble tout vesò ak materyèl.

Montre bon fason pou netwaye yon pati nan yon aparèy pandan wap itilize Pwosedi estanda pou entèvansyon nan zafè lijyèn konpayi a. Pandan demonstrasyon an, repase chak detay tou lè 8 etap pou netwaye epi dezenfekte ekipman yo, epi kòman pou aplike yo pou netwayaj pyès ekipman yap itilize nan demonstrasyon an.

1. Prepare espas la ak ekipman yo.
2. Wete debri yo.
3. Premye rense ou Premye netwaye.
4. Netwaye.
5. Rense.
6. Dezenfekte.
7. Seche .
8. Enspekte epi reasanble ekipman.

Veye pou tout patisipan yo gen eksperyans pratik. Fè yo tout patisipe nan aktivite sa a.

Demonstrasyon

Nòt:





Dokiman yo se eleman kle yo ye nan yon pwogram sanitè. Yo konsève yo sou fòm yon lis kontwòl ki pwal ede w, ou menm ak ekip ou a, okipe tout detay ki nesesè yo epi devlope bon jan abitid lijyèn.

Kontwolè yo pwal chache siy oubyen prèv ki montre genyen yon pwogram yo mete kanpe.

Dokiman yo se prèv bon jan lijyèn fèt toulejou. Si w pa ka montre m ou fè l tout bon vre, eben sa vle di ou pa't fè l.

Lis kontwòl sanitè ou pi fasil jwenn nan genyen ladann lis kontwòl sanitè pou chak jou, lis kontwòl sanitè pou chak mwa/chak kat mwa, tès bioliminesans ATP chak jou pou kote ki kole ak manje ak kote ki pa kole ak manje epi fòm enspeksyon sou aplikasyon lijyèn.

Siman gen kèk nan nou ki reskonsab ranpli fòm sa a.

Fòm sa yo kouvri tout kote e tout ekipman nan izin nan. Li dwe genyen andan l: dat la, lis kote yo/ekipman ke yo netwaye yo, moun ki reskonsab fè travay la epi make chak travay ki fin fèt.

Toujou sonje genyen bon jan abitid pou yo swiv pou dokiman yo:

- Fò yo ranpli fòm yo nèt ak yon plim, piga yo fè l avèk kreyon.
- Pa itilize likid sou fòm nan. Si gen yon fot ki fèt, pa fè rati sou fòm nan men se pou anplwaye ki fè l la bare fot la epi mete initial li bo kote li.
- Si yo nan voye monte sa kapab fè kontwòl yo echwe.
- Fòk chak fòm ranpli pandan travay la ap fèt.

Dokiman

Nòt:





Ranpli epi siyen dokiman gen yon gwo reskonsablite ladan I. Si w pa konprann yon bagay oubyen si w vle poze yon kesyon, mande sipèviziè w la menm lè a.

[Vini avèk echantyon lis kontwòl nan klas la epi montre kijan pou yo byen ranpli fòm yo. Bay patisipan yo plim ak lis kontwòl pou yo ka abitye ak sa. Dirije yo pandan yap aprann ranpli lis yo.]

Dokiman ak dosye yo se de eleman enpòtan nan yon pwogram sanitè: yo pa dwe fè yo ni avèk negligans, ni konsa konsa. Moun ki plase pou ranpli fòm yo gen yon gwo reskonsablite.

Dokiman

Nòt:





Kòman pou nou fè konnen si nap fè travay la kòm sa dwa?

Ou aprann ki enpòtans netwaye ak dezenfekte genyen e ou konnen tou materyèl yo sèvi avèk yo nan izin nan dwe byen netwaye e dezenfekte pou mango yo gen mwens chans kontamine. Men, kòman nap fè konnen si nou netwaye ak dezenfekte kòm sa dwa?

An jeneral, izin yo gen 3 metòd pou yo verifye si abitid netwaye ak dezenfekte yo genyen yo mache byen:

1. Enspeksyon ak je, pou yo wè si pa genyen pousyè oswa debri. Men, moun pa kapab wè mikwoòganis yo ak je.
2. Prelèvman mikwobiologik kò materyèl yo. Metòd sa bay konbyen mikwòb ki genyen yon kote men li pa pèmèt ou jwenn rezulta yo la menm. Se anplwaye ki fè kontwòl kalite yo ak yon laboratwa ekstèn ki fè prelevman; yo genyen yon kalandriye pou yo fè li e li mache ak plan prelevman konpayi a genyen an.
3. Sèvi ak yon liminomèt. Sa se yon zouti pratik ki mezire yon ti kantite limyè ki pase nan yon reyakson chimik. Kantite limyè sa a mache ak kantite mikwòb ki sou espas sa; plis gen mikwòb, plis gen limyè. Avèk liminomèt la, ou ka konnen si yon kote pwòp nan kèk segond. Mezi sa yo pèmèt ou pran yon desizyon kote w kanpe a/touswit.

Verifye

Nòt:





Piga w kontwole pwòp travay ou. Si w sot fè yon bagay, se sipèvizè w la ki pou verifye l. Zafè kontwòl l, se zafè dirijan ekip sanitè osinon sipèvize a. Moun ki gen reskonsablite pou voye je sou travay ekip netwayaj la dwe rete nan izin nan pou l sipèvize travay lap fè a.

Kontwole kote ki kole ak manje yo, se veye ti kote nan aparèy yo ki mal pou netwaye yo epi veye pou ti kwen ki kale bét yo byen netwaye ak dezenfekte.

Byen kontwole tout kote ki kole ak manje yo epi veye pou wè si kantite pwodwi chimik Pwosedi a mande a respekte.

Verifye

Nòt:



Mete etikèt, Itilize epi Konsève Pwodwi chimik





Lè wap sèvi ak detèjan ak dezenfektan, sonje se pwodwi chimik yo ye, yo kapab yon danje pou ou si w pa sèvi avè yo kòm sa dwa. Konsève pwodwi chimik yo kote ki fèt pou sa, pa janm mete yo bò kote mango yo.

Pa fè melanj ak pwodwi chimik yo. Pa egzanp, lè klorin melanje ak likid ki gen asid, sa ka bay gaz klorin ki kapab non sèlman kangannen yon moun oubyen yon bagay e li ka lakòz moun pa kapab respire.

Tout detèjan ak tout dezenfektan, ke se swa sa yap sèvi avè yo oswa sa yap konsève, dwe gen etikèt byen klè sou yo epi fò yo toujou idantifye yo. Lòt vesò segondè oubyen sa k piti yo dwe gen etikèt sou yo ak tout non sa ki andan yo. Pa mete pwodwi chimik nan vesò yo mete manje.

TOUJOU sèvi ak bon kantite pwodwi chimik fabrikan an mande a epi mete materyèl pwoteksyon ki fèt pou sa.

Sonje! Vide plis pwodwi chimik oubyen dezenfektan pa vle di travay la ap miyò.

Si konpayi ou a genyen yon sistèm kòd koulè pou vesò yo, toujou respekte kòd yo epi sonje genyen de seri de vesò se pou yon sèl kote yo ye tankou bwòs yo itilize nan twalèt ouswa bwòs yo itilize pou netwaye dren.

Mete etikèt, Itilize epi Konsève Pwodwi chimik

Nòt:



**Aktivite: Tès avèk bandlèt pou konnen kantite dezenfektan
yap itilize**





Yo fè aktivite sa a se pou montre kòman pou teste kantite dezenfektan avèk bandlèt.

Materyèl

- 4 vè, po oswa bokit.
- Dlo.
- Yon dezenfektan yo sèvi avè l nan izin chanpiyon an (sa vle di klorin).
- Kit ki gen bandlèt pou fè tès la.

Preparasyon

Anvan w kòmanse fòmasyon an, pare 4 vesò ki genyen diferan kantite dezenfektan ladan yo. Mete yon lòt vesò tou ki pa gen dezenfektan landan I (dlo sèlman) epi yon lòt ankò ki gen plis pase kantite dezenfektan yo mande a. Pa egzanp, si wap sèvi ak klorin yo dwe itilize ant 50 a 200 ppm, sou kote ki kole ak manje, pare yon likid ki genyen 0 ppm, 50 ppm, 150 ppm ak 300 ppm.

Si izin nan mande pou kontwole kantite dezenfektan, vini avè yon lis vid pou kapab make enfòmasyon yo pandan demonstrasyon an ap fèt.

Obsèvasyon pou kòmanse

Si pa gen kantite dezenfektan ki pou genyen an sa kapab bay pwoblèm. Si pa gen ase dezenfektan, li pap kapab touye mikwòb yo. Si genyen twòp, li kapab lakòz kontaminasyon fèt.

Se pou sa, fòk yo kontwole kantite dezenfektan yo tout tan ak yon kit kap pèmèt yo teste kantite dezenfektan chimik yo.

Genyen yon kit pou fè tès pou chak mòd dezenfektan, men yo pa kapab sèvi ak yonn nan plas yon lòt.

Si kit la vin manke materyèl, avèti sipèvizè w touswit.

Aktivite: Tès avèk bandlèt pou konnen kantite dezenfektan yap itilize

Nòt:



Aktivite: Tès avèk bandlèt pou konnen ki kantite dezenfektan yo itilize





Aktivite

1. Vide likid dezenfektan yo devan patisipan yo.
2. Bay chak patisipan yon bandlèt.
3. Mande pou chak patisipan, yonn apre lòt, foure bandlèt yo a nan likid la epi kouri retire li.
4. Di yo kenbe bandlèt la pandan 15 segond san yo pa souke li pou retire dlo a.
5. Konpare koulè bandlèt yo ak gam koulè ki nan bwat la.
6. Mande chak patisipan pou yo ekri sa yo obsève a sou fòm pou kantite dezenfektan an.
7. Mande chak patisipan pou yo diw ki sa yo ta dwe fè si kantite dezenfektan an twò ba oubyen twò wo.
8. Fè yo ekri enfòmasyon ak aksyon ki dwe fèt la, si genyen, nan fòm pou kantite dezenfektan an.

Obsèvasyon pou lafen

Fè patisipan yo sonje li enpòtan pou yo mezire fòs likid dezenfektan yo.

Pou fini diskisyon an, fè anplwaye yo sonje ke tout moun dwe pou yo swiv règleman Konpayi an genyen sou kesyon likid dezenfektan.

Pa blye! Mete plis pa vle di travay la ap miyò paske gen rès ki ka rete sou kote ki kontre ak manje yo epi lakòz mango yo kontamine.

Si yo pa twò konnen sa pou yo fè, anplwaye yo dwe rele sipèvizè yo touswit.

[Si konpayi ou a sèvi ak yon kit titraj pou mezire kantite dezenfektan, lè wap fè aktivite a, ou ka toujou montre kantite dezenfektan ki nan 4 vesò yo pa titraj.]

Aktivite: Tès avèk bandlèt pou konnen ki kantite dezenfektan yo itilize

Nòt:



Netwaye epi Dezenfekte Materyèl Rekòt yo





Gen divès materyèl ak vesò yo itilize pou rekòt ak pou pote mango yo soti nan jaden rive nan izin yo.

Men kèk vesò yo itilize pou rekòt:

- kouto.
- Filè.
- Sizo.
- Kwochè.

Pwosedi pou netwaye epi dezenfekte chak materyèl, chak vesò genyen

defi pa l. Aprann konnen materyèl la byen pou w kapab konprann defi sa reprezante pou ou netwaye epi dezenfekte chak pyès ki ladann.

Anplis de “ekipman ak vesò”, genyen lòt mòd ekipman toujou yo sèvi avè yo pou rekòt. Tout bagay dwe anndan rejim netwayaj la epi dwe genyen pwòp fason pa li pou yo netwaye epi dezenfekte li.

Genyen 3 etap nan netwaye epi dezenfekte materyèl rekòt yo:

1. Pou kòmanse, moun kap rekole a netwaye filè a ak detèjan, foubi li ak yon fib pou wete tè ak debri.
2. Li rense filè a byen rense ak dlo pwòp.
3. Lèfini li foure li nan likid dezenfektan.

Netwaye epi Dezenfekte Materyèl Rekòt yo

Nòt:





Byen netwaye ak dezenfekte panye an plastik yo oubyen vesò yo, se yon bagay enpòtan anpil pou jefo kap fèt sou kesyon sekirite alimantè nan endistri mango a.

Netwaye ak Dezenfekte pèmèt evite kontaminasyon kwaze paske li retire tout pousyè, tout mikwòb ki ka bay maladi ki ta kapab nan kote mango yo kole.

Si nan travay wap fè a genyen aktivite ki konsène netwaye ak dezenfekte, toujou swiv fason sipèvizè w la mande w pou w fè l la. Depi w vle poze yon kesyon, toujou mande li.

Vesò rekòt yo

Nòt:



Materyèl pou pote mango





Machin kap bake mango yo dwe nan yon kondisyon akseptab. Machin sa yo gen dwa kamyon oubyen trelè, yo gen dwa kamyon remòk tou.

Anvan w chaje machin nan ak pwodwi, fòk li pwòp, fòk li pa gen okenn sant, okenn debri manje, okenn salte.

Machin kap pote mango pat dwe sèvi pou pote bêt anvan. Si sa te konn fèt, fòk machin nan lave epi dezenfekte pou kontaminasyon pa fèt.

Gen de izin ki mete dezenfektan nan deyè kamyon yo anvan yo chaje yo ak mango. Toujou swiv règ konpayi ou a.

Materyèl pou pote mango

Notas



Mach a swiv

Li chak ka sa yo byen fò epi mande patisipan yo pou yo eksplike kisa yo tap fè nan chak sitiayson. Diskite repons lan an gwoup.

Igo te reskonsab netwaye ak dezenfekte tapi woulan yo nan materyèl klasifikasyon mango. Li te prese e li te bezwen fini anvan match foutbòl la kòmanse. Li pa tann kim detèjan an fè 15 minit pou li fè sou materyèl la, alòs li mete 2 fwa plis detèjan epi li rete tann 5 minit sèlman anvan li rense materyèl la. Kisa Igo te dwe fè?

Pandan Joz, moun ki reskonsab konsève pwodwi chimik yo nan konpayi a te deplase sot nan izin nan pou l ale labank, yon anplwaye ki nan ekip sanitè a rele l pou di l li pa gen detèjan pou li lave tank yo lave mango yo, e yo ta renmen pou Joz ba yo plis detèjan. Bank lan ap fèmen a 4 è e Joz te prese; kidonk li di yo sèvi ak detèjan yo itilize pou netwaye biwo yo epi nan demen la ba yo detèjan yo te bezwen an. Kisa Joz ak ekip netwayaj la te dwe fè?

Edwin fin dezenfekte materyèl l epi lap ranpli fòm enspeksyon an pandan lap sèch. Sipèvizè pwodiksyon an vini nan izin nan tou prese pou li kòmanse pwosesis la. Ekip netwayaj la sèvi ak yon twal mouye pou yo fin seche ekipman an pou pèmèt lòt anplwaye yo kòmanse travay pi bonè epi poukipa ale lakay yo pi bonè. Kisa ekip netwayaj la ak sipèvizè pwodisyon an te dwe fè?



Lwiza renmen ranpli fòm sanitè a ak kreyon epi lèl fini li pase plim sou li. Dokiman li yo toujou plen rati epi an dezòd men moun kapab li yo kan menm. Ki bon abitid Lwiza ta dwe pran?

Lwi se sipèvizè ekip sanitè a. Etan lap kontwole ekip la ki tap fini etap netwayaj yo, li wè boutèy dezenfektan an preske vid. Nòmalman pwodiksyon an ta dwe kòmanse talè e li pat anvi retounen pou lal prepare plis dezenfektan pou l plen lòt boutèy alòs li plen yo ak dlo pwòp. Li itilize Likid ki nan boutèy la pou lave materyèl la epi li kite li sèch anvan pwodiksyon an koumanse. Kisa Lwi ak ekip netwayaj la te dwe fè?

Adriyana, sipèvizè ekip sanitè a te dwe kouri kite izin nan pou l al regle zafè pèsonèl li epi li pa gentan tounen pou l pase dènyè enspeksyon an sou tapi woulan mango yo. Li ranpli fòm enspeksyon an an avans epi kòm pat gen okenn moun pou enspekte ekipman yo, anplwaye yo netwaye pati nan ekipman yo ki te parèt sal yo sèlman, lèfini yo pa sèvi ak okenn dezenfektan. Kisa Adriyana ak ekip netwayaj la te dwe fè?



Kisa nou aprann/ Ki travay m gen pou m fè?





Nan lesion saa nou aprann:

- Enpòtans bon lijyèn epi diferans ant netwaye ak dezenfekte. Nou vle fè w sonje ou dwe toujou swiv tout etap yo bay nan Pwosedì estanda pou entèvansyon nan zafè lijyèn konpayi a. Nou bezwen chak etap sa yo pou nou swiv bon jan pwosesis lijyèn.
- Premye etap pou netwaye ak dezenfekte yon ekipman. Toujou swiv chak etap yo, piga nou boule etap yo nan kouri fè travay la pi vit. Menm ke fè rapid la kapab fè w fini travay la pi vit, li kapab lakòz mango ki pral jwenn konsomatè yo kontamine.
- Sonje, fòk ou netwaye yon kote anvan w dezenfekte l.
- Kisa ki biofim ak kwen ki kale bêt? Fè atansyon anpil ak kwen ki fè bêt yo. Se de kote ki ka mande yon jefò espesyal pou yo byen dezenfekte paske se nan ti kote sa yo mikwòb yo kache pou yo kale.
- Premye Konsèp pou jere pwodwi chimik. Respekte pwodwi chimik wap jere a, sèvi avèl jan fabrikan an mande l la.
- Pou fini, li enpòtan pou w fè sipèvizè w konnen si gen nenpòt ki neglijans sou kesyon sanitè oubyen lijyèn nan izin nan.
- Diskisyon nou an sou lijyèn nan izin mango yo fini?
- Eske nou gen kesyon?

Mèsi pou patisipasyon nou.

Souple siyen fèy prezans lan.

Kisa nou aprann/ Ki travay m gen pou m fè?

Nòt:



Abitid Netwaye ak dezenfekte nan Endistri Mango a